

Sipò pou Pran Desizyon

YON FÈY AK KONSÈY REZO FANMI SOU ANDIKAP
TE KREYE POU OU

Kisa Sipò pou Pran Desizyon ye?

"Sipò pou Pran desizyon" bay moun ak andikap yo èd yo bezwen pou fè chwa sou pwòp vi yo.



Doktè Ou

Pou pran desizyon konsènan sante medikal ou.



Aranjman pou viv

Pran desizyon enfòmè sou aranjman pou viv.



Lajan

Pran desizyon sou fason pou w depanse lajan PA W.

Moun ki gen yon andikap chwazi yon moun ki ede ak desizyon yo. Se sa ki rele sipò pou pran desizyon.

Yon moun k ap bay sipò kòm sadwa respekte sa moun ak andikap la vle.

Yon moun k ap bay sipò kòm sadwa koute epi sijere fason pou fè moun nan reyalize sa li vle a.

Men kèk egzanp bagay yo kapab ede ak yo:

1. Plan pou demen 2. Ede nou fè moun konprann ide nou 3. Ede nou konsantre sou travay nou.

Anpil moun bay sipò pou pran desizyon san okenn pwosesis jiridik espesyal. Pa egzanp, sè ou ede ou jwenn yon apatman san yon fòm espesyal oswa san nou pa bezwen ale nan tribinal. Se sèlman detwa grenn eta ki gen lwa ofisyèl sou fason pou bay sipò pou pran desizyon, men pafwa, moun yo deside siyen yon fòm pou fè lòt moun konnen yo gen moun moun k ap bay yo sipò.

Fòm sa yo gen non tankou "Manda," "Mandatè pou Swen Sante," "Akò Reprèzantan," oswa "Akò pou Bay Sipò pou Pran Desizyon."

Ak sipò pou pran desizyon, moun y ap bay sipò a jwenn konsèy, men se moun ak andikap la ki pran desizyon final la.

Nou te sanble tout enfòmasyon ki nan fèy konsèy sa a nan Rezo Oto-Defansè pou Otis (Autism Self-Advocate Network, ASAN).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sipò pou Pran Desizyon, tanpri ale sou: autisticadvocacy.org